

# **APLIKASYON ANGRÈ ÒGANIC (8:10:3S)**

## **MAZONBÈL**

### **1 sak (55 liv) ka fekonde 100 plant mazonbèl nan de aplikasyon.**

- Mete ½ liv angrè ki ka mezire mwatye yon (gwo bwat kanasyon) pou chak plant mazonbèl.
- Mete ¼ liv nan twou a epi byen melanje li anvanw plante.
- Nan 3 mwa, mete yon ¼ liv kap mezire sis pous nan alantou plant la.

## **YANM**

### **1 sak (55 liv) ka fekonde 100 plant yam nan de aplikasyon**

- Mete ½ liv angrè (gwo bwat kanasyon) nan 1 plant yam
- Mete ¼ liv nan twou a epi byen melanje li anvan ou plante.
- Nan 2 mwa, mete ¼ liv angrè kap mezire sis pous (mwatye longè yon règ) nan alantou plant la.
- Simen tè sou angrè a chak fwa ou finn metel.

## **MALANGA**

### **1 sak (55 liv) ka fekonde 100 plant malanga nan de aplikasyon.**

- Mete ½ liv angrè ki ka mezire mwatye yon (gwo bwat kanasyon) pou chak plant malanga.
- Mete ¼ liv nan twou a epi byen melanje li anvanw plante.
- Nan 3 mwa, mete yon ¼ liv kap pran sis pous alantou plant la.
- Simen tè a sou angrè a chak fwa ou finn metel.

## **JENJANM**

### **1 sak (55 liv) ka fekonde 100 plant jenjanm nan twa aplikasyon.**

- Nan preparasyon tè a, mete yon ¼ sak epi byen melanje li anvanw plante.
- Mete yon ¼ sak sou siyon an, yon mwa aprè ou plante jenjanm nan.
- Mete yon dènye ½ sak sou siyon an e melanje li.
- Simen tè a sou angrè a chak fwa ou finn metel.

## **PATAT**

### **1 sak (55 liv) ka fekonde 600 plant patat nan de aplikasyon.**

- Mete 1 liv angrè ki ka mezire mwatye yon (gwo bwat kanasyon) pou chak 10 plant patat.
- Nan preparasyon tè a, mete yon ½ sak epi byen melanje anvanw plante.
- Yon mwa aprè ou finn plante patat la, mete yon ½ sak sou siyon an e melanje li.
- Simen tè a sou angrè a chak fwa ou finn metel.